# ЛЪАРАТІА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 10-11 * август 2018 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 20 гъ.

ЦIиял харбал

# ЭКСТРЕМИЗМ, НАЛОГАЛ ВА ЦІИЯБ ЦІАЛУЛ СОН

*Районалда тIобитIана мугIалимзабазул данделъи*

*Райадминистрациялда иргадулаб данделъи тIобитIана*





**Иргадулаб данделъиялда, районалъул нухмалъиялъ рорхана гьезул хIисабалда кIвар бугел ва хIажат гьечIого тIоцере тIуразе ккарал суалал. Гьаб нухалда цере лъуна Шидиб администрациялъул хIалтIул хIасил, терроризмалдагун экстремизмалда данде къеркьей ва цIияб цIалул соналде хIадурлъи абурал суалал. Докладгун цере рахъана гьезде гIахьаллъи бугел церехъаби.**

Августалъул 28 абилеб къоялъ районалъул администрациялъул залалда тIобитIана заседание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна киналго росабазул бегавулзабаз, идараязул церехъабаз ва районалъул нухмалъиялъ. Районалъул бетIерРажаб Ражабовас рагIиги кьун цеве вахъинавуна лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидов. Гьес къокъ гьабун бичIизабуна кинаб хIалтIи гьабун бугеб цIияб цIалул сон байбихьилелде ва щиб жеги гьабун бахъинчIеб. Сулейманил рагIабазда рекъон, гIадатиял, чара гьечIого къваригIарал шартIал чIезарун руги-ла киналго школазда ва ясли-ахазда.

Сулейман Меджидов: «ТIоцебесеб сентябралде киналго цIалул учреждениязда хIадурун руго гIадатиял шартIал, амма хIукуматалъул ахирисел тIалабазда рекъарал киналго тIалабал тIуразе захIматаб буго нилъер районалда. Нилъер районалда ункъо школа хутIун цоги киналго руго цIул бухIулел печалги жанир лъун хинлъизаризе ккарал хасало. Киналго школазда гIураб цIул чIезабизе ккани захIматаб масъала буго. Я газ, я тIурччи нилъеца хIалтIизабизе рес гьечIо. Хасалоялде жеги заман буго, киналго школазда цIатари чIезабила, школазул директорал хIалтIулел руго гьелда тIад. Гьеб буго цо мисал гIунгутIабазул. ХIатта цIалдохъабазе киналго тIахьал чIезаризе гIарац гIоларо идараялъул, эбел-инсуца росизе кколел руго. ХIасил калам, цIияб лъагIалил соналде киналго школаби хIадурун руго» - ян абуна Сулейман Меджидовас.

Районалъул нухмалъиялъ лъай кьеялъул идараялда тIадкъана цойги нухалъ хал-шал гьабизе гьеб суалалъул.

КIиабилеб суал букIана Шидиб администрациялъул 2017 ва 2018 лъагIалил тIоцебесеб кварталъул хIалтIул хIасил. Цеве вахъана Шидиб администрациялъул бетIер Гагарин ХIабибов. Доклад гьабулеб букIана налогазда, росдал магIишаталда, экономикаялда, лъай кьеялда, культураялда ва спорталда бухьараб.

Гагарин ХIабибовас рикIкIана гIемерал цIигьарурал хIалтIаби. Гьезда гьоркьоса кIудияб хIалтIилъун гьес рикIкIунеб буго налогал ракIари.

Гагарин ХIабибов: «Гьарурал щинал хIалтIабазул аслияб кIвар бугеб масъала букIана налогал ракIариялъул план тIубазаби. Гьеб гIицIго администрациялъул гьунар гуро, халкъалда бичIулеб буго гьанже кьурал налогазул гIарац жидерго администрациялда цIиял хIалтIиял гьаризе щолеблъи. Гьелдаса бихьулеб буго нилъеда битIун гIарац хIалтIизабиялъулъ бугеб кIудияб бигьалъи» - ян абуна Гагарин ХIабибовас.

Лъай кьеялъул рахъалъги Шидиб администрациялда киналго шартIал чIезарун ругоян бичIизабуна бегавулзабазул бетIер Сайпулаев Ибрагьимица. Терроризмалдагун экстремизмалда хурхараб суалалъул доклад цIалана районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулхаликъовас. Гьелъул хIакъалъулъ цIале гьабго номералда.

# ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ ХІАСИЛАЛ ГЬАРУНА

*Районалда тIобитIана мугIалимзабазул данделъи*

**Исанаги тIобитIана щибаб лъагIалил августалда районалда гьабулеб мугIалимзабазул данделъи. Араб соналъ гIадин республикаялдаса лъайкьеялъул министерствоялдаса чагIи щвечIо, районалдасаго хIакимзабаз тIубазабун тана. РакIарун рукIана тIолабго районалдаса мугIалимзаби, жамагIатазул вакилзаби, районалъул нухмалъи. ХIасилал гьаруна араб цIалул лъагIалил ва цере лъуна исанасеб цIалул соналда тIуразе кколел масъалаби.**

Августалъул 29 абилеб къоялъ ЛъаратIа культурияб рукъалъул залалда тIобитIана щибаб лъагIалида гьабулеб мугIалимзабазул данделъи. (Августалъул совещание). Гьенир призидиумалда гIодор чIаразда гьорлъ рукIана районалъул бетIер Ражаб Ражабов, районалъул лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидов, ЛъаратIа полициялъул начальник ХIажибег Шамилов, райсобраниялъул председатель ГIабдула ГIабдулаев, школазул директорал, мугIалимзаби ва гь.ц.

*Ахир 2 аб. гьум.*






# ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ ХIАСИЛАЛ ГЬАРУНА

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

## *Районалда тIобитIана мугIалимзабазул данделъи*



Данделъи байбихьилалде киназго хал гьабуна районалъул искусствоялъул школазул лъималаз гьарурал батIи-батIиял алатазул, тIагIелазул ва цоги гIолохъанал махшелчагIазул гьуназул.

Данделъи байбихьана районалъул бетIерас.

«Жакъасеб къоялъ лъайкьеялде гIахьаллъи буго гIицIго мугIалимзабазулгун директоразул гуреб, щивав чиясул. Гьаб нилъер гIадатияб форумалда рорхизе руго киналго суалал. Рихьизаризе руго ритIарал рахъалги гIунгутIабиги. Гьедин байбихьизе лъикIаб буго щибаб лъагIалил сон», - ян абуна Ражаб Ражабовас.

Хадуб рагIи кьуна районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидовасе. Гьес халатаб доклад гьабуна араб цIалул соналъул хIасилазул.

Районалда хIалтIулеб буго 19 гьоркьохъеб школа, анкьго аслияб ва 18 байбихьул классазул школал. 15 школалда жанир руго ясли-ахал. Цо чанго цIалул объект рес гьечIого ремонт гьабизе ккарал руго. Гьединго лъайкьеялъул идараялде гьорлъе уна хасаб лъайкьеялъул лъабго учреждение. Гьенире уна лъималазул творчествоялъул рукъ (ДДТ), гIолилазул спортивияб школа (ДЮСШ) ва лъималазул искусствоялъул школа (ДШИ).

Гьеб лъабго идараялда цIалула азаргоялдаса цIикIкIун лъимер. Гьеб гуреб, 31 ясли-ах буго хIалтIулеб. Гьенирги малъула 670 лъимер. Яслиялде унел лъималазул къадар буго кинабниги районалда ругел лъималазул 88%.

Хасаб кIвар кьолеб буго аслиял лъай кьеялъул программаял щвалде щун цере тIезариялде. Меджидовасул рагIабазда рекъон, исана лъикI кьуна ЕГЭ ва ОГЭ. ЛъаратIа районалда гьелда хадуб халккун букIана цIакъго мухIканго. Киса-кирего экзаменал кьолел пунктазда рекъезарун рукIана видеокамераял ва гьединго хал гьабулел рукIана федералиял инспекторал. «Гьеб кинабго хIалтIи буго лъайкьей нилъер районалда цебетIезе гьабулеб» - ян абуна Сулейман Меджидовас.

Гьединго Сулейманица гIунгутIабазулги бицана. Гьоркьохъел школаз жидерго филиалазе, ай байбихьул классазул школазе ва ясли-ахазе гIураб кIвар кьолеб гьечIила. ЦIакъго мукъсанаб методикияб ва материалияб кумек гурони кьолеб гьечIила.





Гьеб гуреб, информационияб техника лъалел чагIиги цIакъго дагьал ругила. ЦеретIурал ва нахъеккарал лъималазе хасал программаял ругила хIукуматалъ хIалтIизарулел, гьезда рекъон хIалтIизе лъалел мугIалимзабиги ратизе захIматаб бугила. Сулейманил пикруялда рекъон, гьеб программаялда тIад хIалтIи буго исанасеб лъагIалил аслияб масъалазул цояб.

Буго цоги кIвар бугеб суалги. 2020 абилеб соналдаса нахъе тIолобго улкаялда киналго выпускниказ кьезе кколеб рагIула рес гьечIого ингилис мацIалъул ЕГЭ. Гьелъие къваригIун ругила хIакъикъаталда мацI лъалев мугIалим. Дагьаб цебе ингилис мацIалъул аттестация гьабун районалда цо чанго мугIалимас гурони кьечIила экзамен.

ГIолел гьечIила ингилис мацIалъул мугIалимзаби районалда. Ругел хIалтIизаризе харж гIураб гьечIила мугIалимасул ва гIолохъанав ингилис мацI лъалев мугIалим росулъ хIалтIизе рази гьавизе захIматаб бугила. Гьебги бугила бищунго кIудияб цебе чIараб масъала.

Кин бугониги докладчикасул рагIабазда рекъон, районалда гьоркьисеб лъагIалил хIасилазда рекъон ругила 5 медалист, цо-цо цIалдохъаби ругила республикаялда батIибатIиял конкурсазда, олимпиадаязда гIахьаллъарал ва тIадегIанал бакIал росарал.

Данделъи лъугIун хадуб лъайкьеялъул хIалтIулъ бищунго гIемераб жигарчилъи бихьизабурал хIалтIухъабазе шапакъатал кьуна.

---

*к вашему сведению*

# Обращение Главы района - председателя Антитеррористической комиссии в Тляратинском районе Р. Раджабова в связи с Днем солидарности в борьбе с терроризма

**Ежегодно 3 сентября в России отмечается День солидарности в борьбе с терроризмом. Эта скорбная дата неразрывно связана с трагическими событиями в Беслане, когда в результате беспрецедентного по своей жестокости террористического акта погибли более трехсот человек, в основном женщины и дети.**

В День солидарности в борьбе с терроризмом по всей стране вспоминают жертв террористических актов, а также сотрудников правоохранительных органов, погибших при исполнении служебного долга.

Мы дагестанцы, как никто другой, понимаем боль тех, чьи близкие стали жертвами террористических преступлений, знаем, какие страшные беды приносит народам антигуманная идеология экстремизма. Еще три года назад в республике была очень тяжелая ситуация, широко распространились бандитизм и терроризм, нередко совершались посягательства на жизнь сотрудников правоохранительных органов, представителей духовенства, мирных граждан. Была проделана совместная с правоохранительными органами, институтами гражданского




общества, духовенством большая и целенаправленная работа. Всем вместе нам удалось выстроить эффективную систему противодействия терроризму, восстановить законность и правопорядок на нашей земле, мобилизовать народ на неприятие идеологии экстремизма и терроризма.

Сегодня терроризм - это наибольшая угроза, с которой сталкивается человечество. Необходимость борьбы с терроризмом давно вышла за рамки отдельного государства, и требует консолидации усилий всего мирового сообщества.

Наша страна находится на переднем крае борьбы с международным терроризмом, и мы, дагестанцы, также не вправе устраняться от борьбы с этим злом.

Все мы должны иметь возможность жить нормальной жизнью, трудиться, растить детей. В священном Коране написано: «Мы люди разных религий и течений. Но главное наставление - опережайте друг друга в добрых делах».

Очень часто говорят об исламском экстремизме и терроризме. Считаю, что любые проявления терроризма - это антиисламский, антироссийский, антидагестанский терроризм, направленный против людей. А все, что направлено против людей, направлено против Всевышнего, против ислама, против человечества.

В этих условиях мы должны сплотиться, укреплять единство нашей страны, сделать все необходимое, чтобы лишить террористов всякой надежды на поддержку в обществе, жестко пресекая их противоправные действия.

Главное наше оружие - сплоченность и неравнодушие.

Только вместе мы сможем победить терроризм, защитить наш общий дом - Дагестан, нашу великую Родину - Россию!

**С уважением**
**Р.Г. РАДЖАБОВ**

# Субботник в Тлярате

**28 августа партийцы Тляратинского местного отделения Партии «Единая Россия» организовали субботник в парковой зоне села Тлярата Тляратинского района**

Также в субботнике приняли участие актив и общественность района.

Как отметил секретарь Тляратинского местного отделения Партии, глава района Раджаб Раджабов, особое внимание было уделено уборке парковой зоны, куда чаще всего люди с детьми ходят на прогулку и отдых.

«Одно из прекрасных мест нашего района – это наша парковая зона. Мы должны беречь ее красоту.

Также подобные мероприятия имеют большое значение для воспитания подрастающего поколения, воспитывая в них чувство бережного отношение к природе, красотам нашего родного села», - сказал Р.Раджабов.

Управляющий делами администрации Каримула Магомедалиев отметил, что сегодня все должны понимать напряженную ситуацию в бюджете, когда не хватает средств на благоустройство. Но убрать мусор, собрать листву, раскопать и полить деревья – это очень просто и не требует огромных денег. Зато районный центр будет радовать чистотой, если мы «всем миром» наведем порядок во время генеральной уборки. При этом работа не заняла много времени: если дружно постараться, то результат превзойдет все ожидания.

Несмотря на сильный ветер, закрепленные территории были очищены и облагорожены.





*Берегите природу!*

# Обращение к жителям Тляратинского района

**Уважаемые жители района!**

**Государственные инспекторы Тляратинского заказника, ежегодно проводят разъяснительную работу в населенных пунктах, находящихся на особо охраняемой природной территории и около границ на предмет нарушения режима особой охраны заказника. Но несмотря на это каждый год выявляются новые нарушения. В связи с этим хочу вновь напомнить вам о правилах посещения государственного природного заказника «Тляратинский».**

Государственный природный заказник «Тляратинский» является особо охраняемой природной территорией федерального значения, созданной с целью сохранения, восстановления и воспроизводства ценных в хозяйственном отношении животных и среды их обитания. При этом территория заказника не изымается полностью из хозяйственного пользования в отличие от территории заповедника.



Вместе с тем жители населенных пунктов, находящиеся в границах заказника и на его территории, обязаны соблюдать установленный на его территории режим особой охраны. За нарушение данного режима вы несете предусмотренную законом административную или уголовную ответственность.

Мы часто сталкиваемся с нарушениями связанными в основном с выпасом скота и заготовкой дров в неположенных местах. На территории Тляратинского заказника расположены летние пастбища крупного и мелкого рогатого скота. В связи с этим, хочу еще раз напомнить вам о том, что выпас овец и крупного рогатого скота РАЗРЕШАЕТСЯ только на специально выделенных для этого участках.

Также хочу напомнить о правилах содержания собак для пастухов. На отару допускается содержание не более двух собак, которые в дневное время должны быть на привязи. Мы понимаем, что без заготовки дров вы не обходитесь, но и здесь есть правила, которые нужно соблюдать.

Тляратинским лесничеством выделены специальные места (делянки), где местному населению разрешается осуществлять заготовку древесины. Рубить деревья там, где вам удобно НЕЛЬЗЯ. Убедительная просьба делать это только, на делянках выделенных вам лесничеством. Рубите только те деревья, которые выделены (намечены), согласно по вашему лесорубочному билету и в том количестве, которое вами оплачено.

На нас, государственных инспекторов государственного заказника «Тляратинский», тоже возложены обязанности по охране и воспроизводству лесов, такие же, как и на инспекторов Тляратинского лесничества. Неоднократно выявляются нарушения связанные с нахождением на территории заказника с орудиями охоты и разведением костров без соблюдения правил пожарной безопасности.

На территории заказника ЗАПРЕЩЕНА промысловая, спортивная и даже любительская охота. Как упоминалось ранее, заказники созданы для сохранения и восстановления тех редких видов животных и растений, которые обитают на данной территории. Поэтому, нахождение на территории заказника с огнестрельным и пневматическим оружием, капканами и другими орудиями охоты, в том числе с огнестрельным оружием в собранном виде на дорогах общего пользования, а также с продукцией добывания объектов животного мира категорически ЗАПРЕЩЕНО!

Для любителей отдохнуть на природе! Убедительная просьба, находясь на территории федерального заказника «Тляратинский» соблюдать правила пожарной безопасности.

- НЕ разводите костры в неотведенных для этого местах.
- НЕ бросайте горящие спички, окурки, не вытряхивайте из курительных трубок горячую золу;
- НЕ оставляйте на освещенной солнцем лесной поляне бутылки, осколки стекла, другой мусор.

Для любителей рыбалки напоминаем о том, что на территории заказника любая ловля рыбы ЗАПРЕЩЕНА. В положении о государственном природном заказнике «Тляратинский» указаны множество пунктов запрета, но я считаю выше перечисленные пункты нарушений наиболее часто выявляемыми.

Большая просьба ко всем гражданам района. Запомните, пожалуйста! При допущении вышеперечисленных нарушений, непослушания требований государственных инспекторов и несоблюдения режима особой охраны заказника «Тляратинский» вы несете предусмотренную законом административную или уголовную ответственность.

Еще раз большая просьба ко всем жителям района, особенно жителям населенных пунктов, находящихся на территории заказника и граничащие с ним жители Камилюхской, Герельской, Чородинской, Колобской, Тохотинской и Саниоротинской сельских администраций. При посещении территории государственного природного заказника «Тляратинский» соблюдайте, пожалуйста, режим его особой охраны. Любите, цените и помогите нам сохранить окружающую нас природу.

**С уважением, старший государственный инспектор Тляратинского заказника Бадрудин МУСАЕВ.**

*ВатIан*

# Рихxарал росаби ва кьодул сакал

## *ЧIунтараб росулъа фоторепортаж*

**ГIадамалги гIатIиракьалде гочун ун рехун тарал росаби нилъер «ЛъаратIа» районалда гIемерал руго. Гьезда жаниб бищунго «гIолохъанаб» буго Кьанада мухъалъул Гьагьар росу. Ахирисел гIадамал гьенисан гочана 2012 соналъ. Июналъул ахиралда «ЛъаратIа» газеталъул хIалтIухъаби щвана гьенире.**

Росулъ жеги халлъулел руго дагьабго цебе гьениб гIадамас гIумру гьабулеб букIиналъул гIаламатал. ТIад маххул тIох бугел рукъзал жеги чIаго хутIун руго. Риидал росулъ гIумру гьабула гIухьбуз ва гьезул хъизамаз. Росдада аскIоб буго гIиял къай.

Нижеда ратана гIи бечIчIулел гьагьарсел. Цебе букIараб школалъул минаялъуб гьабсагIат гIухьбуз хIан цIунулеб буго.

Гьагьар росу буго тIасияб участокалъул бищунго рикIкIадал росабазул цояб. ЗахIматал тIабигIиял шартIал сабаблъун гIадамал гьенисан дагь-дагьккун гочана. ХIатта, тIабигIат цIакъго берцинаб буго. Хасало тIубанго къватIисеб дунялалъулгун бухьен къотIула Гьагьар. ГьечIеб машинаялъул нух, кидаго тIагIунеб ток, гIолохъанаб гIелалъе гьечIеб хIалтIи, гьел ва цогидал гIиллабаздалъун гочине ккана гьагьарсел ва росу тIубанго чIунтана. Цо замналда гьениб букIана 60 цIараки.

Ахиресеб, 2012 соналъ Гьагьар хутIун букIана кIиго цIараки. Гьел кIиялго: ХалихIажиев ГIалиасхIабил ва Къурбанов ХIайбулагьил хъизанал гьеб соналъ гIатIиракьалде гочана.

























**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**АДМИНИСТРАЦИЯ МР «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН»**

368420, Тляратинский район тел. 8(265) 34205 с. Тлярата

от 27 08 2018г. № 35

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**О проведении на территории Тляратинского района месячника, посвященного Дню солидарности в борьбе с терроризмом**

В соответствии с Федеральным законом от 21 июля 2005 года № 98 «О внесении изменений в Федеральный закон «О днях воинской Славы (победных днях) России», проведении Дня солидарности в борьбе с терроризмом и в целях консолидации общества в противодействии терроризму администрация МР «Тляратинский район» **постановляет:**

**1.**Объявить на территории МР «Тляратинский район» месячник, посвященный Дню солидарности в борьбе с терроризмом с 3 сентября по 3 октября 2018 года.

**2.**Утвердить прилагаемые:

**2.1.**Состав районного организационного комитета по подготовке и проведению месячника, посвященного Дню солидарности в борьбе с терроризмом на территории МР «Тляратинский район». (приложение № 1)

**2.2.**План мероприятий по проведению месячника, посвященного Дню солидарности в борьбе с терроризмом на территории МР «Тляратинский район» (приложение № 2)

**3.**Главам администраций сельских поселений района, провести мероприятия, посвященные Дню солидарности в борьбе с терроризмом на территориях сельских поселений и представить информацию в аппарат АТК в Тляратинском районе,

**4.**Пресслужбе администрация МР «Тляратинский район», редакции газеты «Тлярата» организовать освещение мероприятий, посвященных Дню солидарности в борьбе с терроризмом в СМИ района.

**5.** Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации по общественной безопасности Абдулхаликова Р.Т.

**Глав МР**
**«Тляратинский район»** **Р.Раджабов**

Приложение №1
к постановлению администрации
«Тляратинский район»
от 27 08 2018 г. № 35

## СОСТАВ

**районного организационного комитета по подготовке и проведению месячника, посвященного Дню солидарности в борьбе с терроризмом**

**1.**Абдулхаликов Р.Т – 1-заместитель главы администрации района по общественной безопасности - председатель организационного комитета.
**2.**Шамилов Г.Дж. - начальника ОМВД России по Тляратинскому району - заместитель председателя организационного комитета (по согласованию).
Члены организационного комитета:
**3.**Сиражудинов А.С. – помощник начальник отдела военного комиссариата по Тляратинскому и Шамильскому районам (по согласованию);
4. Меджидов С.А. – начальник аппарата управление образование администрации МР «Тляратинский район»;
**5.**Алибеков К.М.- председатель комитета по делам молодежи администрации МР «Тляратинский район»;
**6.**Нустафаев К.А.- зав.отдела по делам ГО и ЧС администрации МР «Тляратинский район»;
7. Раджабов Р.М.- редактор газеты «Тлярата»;
**8.**Исмаилов У.К. - директор МКУ «Межпоселенческий культурнодосуговый центр» района;
**9.**Рамазанов Д.С. –председатель ФК и спорта администрации МР «Тляратинский район»;
**10.** . Алихазумов - руководитель пресслужба администрации МР «Тляратинский район».
11.Имамагомедов Р.И.- имам Джума мечети с. Тлярата;
**12.** Омаров Г.К. – Гл.спец. аппарата АТК в Тляратинском районе;
**13.**Курамагомедова С.А - специалист аппарата АТК в Тляратинском районе;
14.Султанов М.т.А. – директор центральной библиотечной системы района;

Приложение №2
к постановлению
администрации
«Тляратинский район»
от 27 08 2018.
№ 35

**ПЛАН**
**мероприятий по проведению месячника, посвященного Дню солидарности в борьбе с терроризмом на территории муниципального района «Тляратинский район»**

| № п/п | Наименование мероприятий | Дата и место проведения | Ответственный за исполнение |
|---|---|---|---|
| 1. | Проведение единого урока в учреждениях образования на тему «Экстремизму - нет!». | 3.09.2016 г. | Управление образование; Директора образовательных учреждений; |
| 2. | Проведение в школах района общешкольной линейки на тему «Терроризм- угроза обществу». | 3.09.2016 г. | Управление образование; Директора образовательных учреждений; |
| 3. | Проведение встреч работниками администрации района, АТК в Тляратинском районе, правоохранительных органов, руководителями общественных организации и религиозными деятелями с учащимся образовательных учреждений на антитеррористическую тему. ; | постоянно | Управление образованием; Директора образовательных учреждений; Аппарат АТК МР |
| 4. | Проведение в общеобразовательных учреждениях конкурса сочинений на тему «Мой дом- Россия» (лучшие сочинения будут опубликованы в СМИ района). | Весь период | Управление образованием; Директора образовательных учреждений |
| | Организация в библиотеках района вставок ,стендов книг, фотографий, рисунков «3 сентябрь- День солидарности в борьбе с терроризмом», « 3 сентябрь – День памяти детей Беслана»,»Я люблю этот мир», «Дети против терроризма», «Мир за мирное небо». | Весь период | МКУ «Межпоселенческий культурно-досуговый центр» |
| 6. | Проведение в клубных учреждениях и библиотеках района мероприятий антитеррористического характера (встречи, беседы, круглые столы, конкурсы и т.д.). | Весь период | МКУ «Межпоселенческий культурно-досуговый центр» |
| 7. | Проведение спортивно-массовых мероприятий под девизом «Экстремизму и терроризму нет!», Мы за здоровый образ жизни». | Весь период | Председатель комитета по делам молодежи; Председатель ФК и спорта МР; Аппарат АТК в Тляратинском районе, |
| 8. | Проведение в населенных пунктах сходов граждан на тему «Будущее без терроризма, терроризм без будущего» | Весь период | Главы администрации сельских поселений |
| 9. | Размещение плакатов, баннеров посвященных Дню солидарности в борьбе с терроризмом: «Молодежь против терроризма», «Пока терроризм жив, каждый из нас под прицелом», «Тляратинский район - территория мира и согласия» | до 03 сентября 2016 г. в образовательных учреждениях района, местах с массовым пребыванием людей районного центра и сельских поселениях | Управление образование Директора образовательных учреждений; Комитет по делам молодежи; Главы администрации сельских поселений; Аппарат АТК в Тляратинском районе |
| 10. | Организация в мечетях сел района полуденного намаза в память о жертвах террористических актов | 9.09.2016 г. | Аппарат АТК в Тляратинском районе; Имам района |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 11 | Проведение инструктажей, учений «О действиях в экстремальных и опасных ситуациях в случае угрозы и террористического акта» с педагогами, обслуживающим персоналом, учащимися общеобразовательных школ и школ дополнительного образования, детских лечебных и оздоровительных учреждениях | Весь период | Зав.отдела по делам ГО и ЧС администра района; Аппарат АТК в Тляратинском районе |
| 12. | Подготовка и размещение в СМИ, в том числе в сети Интернет статей подготовленных руководством района, правоохранительными органами, аппаратом АТК в Тляратинском районе и другими заинтересованными службами на антитеррористическую тему. | Весь период | Пресслужба администрация МР «Тляратинский район»; Аппарат АТК в Тляратинском районе; |
| 13. | Показ по местному телевидению видеороликов антитеррористического характера, рекомендованных аппаратом АТК в РД | Весь период | Пресслужба администрация МР «Тляратинский район»; |
| 14. | Информационное сопровождение мероприятий на официальных страницах в сети «Интернет» и в муниципальных средствах массовой информации | Весь период | Пресслужба администрация МР «Тляратинский район»; Аппарат АТК в Тляратинском районе; |

# Тляратинский филиал ТФОМС сообщает:

**О сроках ожидания медицинской помощи в системе обязательного медицинского страхования (ОМС)**

Бытует мнение, что ожидание приёма врача или проведения исследования по полису обязательного медицинского страхования (ОМС) может затянуться надолго.

Страховая компания ВТБ Медицинское страхование информирует о том, что в каждом регионе России есть государственная программа, которая утверждается правительством региона на основе аналогичной федеральной программы, и в ней четко прописано, какая медицинская помощь и в какие сроки должна оказываться гражданам бесплатно. Например, в Республике Дагестан действует Территориальная программа государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи в Республике Дагестан на 2018 год.

Так, согласно этой программы, в 2018 году узкий специалист (хирург, невролог, офтальмолог и т.д.) должен принять пациента в течение 14 календарных дней со дня записи пациентом на прием. В этот же срок должны быть проведены назначенные пациенту лечащим врачом диагностические инструментальные (рентген, включая маммографию, УЗИ и т.п.) и лабораторные исследования.

Такие дорогостоящие обследования, как компьютерная или магнитно-резонансная томография должны проводиться в течение 30 календарных дней с момента назначения лечащим врачом.

Плановая госпитализация (оказание специализированной медицинской помощи) пациента осуществляется не позднее 30 календарных дней со дня выдачи лечащим врачом направления на госпитализацию, а для пациентов с онкологическими заболеваниями - не должна превышать 14 календарных дней с момента гистологической верификации опухоли или с момента установления диагноза заболевания (состояния).

Сроки ожидания оказания первичной медико-санитарной помощи в неотложной форме не должны превышать 2 часов с момента обращения пациента в медицинскую организацию;

Медицинская помощь по неотложным показаниям в амбулаторных условиях оказывается врачами-терапевтами и врачами-педиатрами участковыми врачами общей практики (семейными врачами) и не должен превышать 24 часов с момента обращения пациентом.

Время доезда до пациента бригад скорой медицинской помощи при оказании скорой медицинской помощи в экстренной форме не должно превышать 20 минут с момента ее вызова.

Сроки ожидания оказания высокотехнологичной медицинской помощи в стационарных условиях в плановой форме устанавливаются федеральным органом исполнительной власти, осуществляющим функции по выработке и реализации государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере здравоохранения.

В территориальных программах других регионов РФ сроки ожидания медицинской помощи могут быть обоснованно скорректированы с учетом транспортной доступности, плотности населения, а также климатических и географических особенностей регионов.

При нарушении сроков ожидания или отказе в её оказании, а также по вопросам ОМС, в том числе срокам оказания медицинской помощи в других регионах РФ вы можете обратиться к страховым представителям ВТБ Медицинское страхование:

- по телефонам круглосуточной горячей линии **8 (800) 100-80-05; 8(8722) 64-03-34** - через форму «Обратная связь» на сайте **www.vtbms.ru;**

**ВТБ Медицинское страхование в Республике Дагестан.**

*МЧС сообщает:*

# «ПОЖАРНАЯ БЕЗОПАСНОСТЬ В ШКОЛЕ »

**Вопросам пожарной безопасности в школе необходимо уделять самое пристальное внимание, поскольку в современных условиях пожары - наиболее распространенная причина возникновения чрезвычайных ситуаций. Ежегодно в зданиях и сооружениях образовательных учреждений Российской Федерации происходит более 200 пожаров.**

Во всех без исключения образовательных учреждениях лидирующая причина пожаров - неосторожное обращение с огнём; на втором месте - нарушение правил технической эксплуатации электрооборудования и на третьем - нарушение правил пожарной безопасности при эксплуатации самодельной отопительной печи во время отопительного сезона.

Наиболее часто местом возникновения пожаров в зданиях образовательных учреждений являются чердачные, подсобные и складские помещения, а также подвалы.

Из всех учебных помещений наиболее опасны в пожарном отношении кабинеты физики, химии и производственные мастерские, так как именно здесь находятся горючие вещества и материалы, легковоспламеняющиеся жидкости, спиртовки, электроплитки и другое оборудование, представляющее пожарную опасность. На случай пожара пути эвакуации должны быть свободны, не захламлены.

Нередки случаи, когда пути эвакуации оказываются заставленными устаревшей мебелью или каким-нибудь оборудованием. Но даже при полном соответствии путей эвакуации всем нормам организовать эвакуацию в здании, где большинство находящихся людей - дети, очень сложно, потому что дети, по сравнению со взрослыми, легче поддаются панике и хуже воспринимают сложившуюся при пожаре обстановку.

Поэтому ежегодно все подразделения Противопожарной службы проводят в зданиях образовательных учреждений плановые пожарно-тактические учения.

В это время совместно с администрацией учреждений отрабатывается эвакуация учеников и преподавателей, проверяются подъездные пути к зданию и состояние водоисточников.

Для того чтобы опасность возникновения пожара была минимальной, необходимо проводить работу по обучению детей основам безопасного поведения, начиная с дошкольного возраста.

Основной же объем информации в области пожарной безопасности ребята получают за период учебы в школе на уроках «Основы безопасности и жизнедеятельности» (ОБЖ).

Во всех школах нужно создать дружины юных пожарных (ДЮП). В соответствии с российским законодательством руководители образовательных учреждений обеспечивают пожарную безопасность, и осуществляют контроль за соблюдением установленного противопожарного режима всеми работниками, учащимися и воспитанниками.

В тех учебных заведениях, где руководители обеспечивают выполнение всех требований пожарной безопасности и проводят определённую работу с учащимися, пожары не случаются.

**Инспектор ОНД и ПР №14
УНД и ПР ГУ МЧС России по РД
капитан внутренней службы
И.В. МАЖИДОВ**



❁ *Дин ва гIумру*

**Суал – жаваб**

### Дица цере мунагьал гьарулел рукIана, гьанже тавбу гьабуна. Гьел мунагьазул хIакъалълъ гIадамазда лъачIого букIине гьабулеб жо букIунищ?

Аллагьасукьаги хIинкъун, къиямасеб къоялъ нилъее заралалъе нугIлъи гьабулел чагIи рукIунгутIизелъун мунагьал рахчи бещараб буго. Цере гьарурал мунагьал рахчизе бищун лъикIаб сабаб буго гьезул бицунгутIиги унго-унголъун пашманлъун тавбу гьабиги. Анасидасан ибн ГIасакирица бицараб аварагасул хIадисалда буго: «Лагьас унго-унголъун тавбу гьабидал, Аллагьас гьев чиясул мунагьал кIоченарула гIамал хъвалел малаикзабаздаги, жиндирго лугбаздаги, гьезул (мунагьазул) хIакъалълъ лъалелщиназдаги ва Жиндаго дандчIвазавула (къиямасеб къоялъ), гьесие заралалъе нугIлъи гьабизе цониги чи яги жо гьечIого», - абун.

### Какие чурулеб мехалъ хIатIал кинаб квералъ чуризе кколел ва парччиялъ чурулеб мехалъ парччи кинаб рахъалда лъезе кколеб?

ХIатIал кинаб квералъ чураниги батIалъи гьечIо. Амма хIатIал какие чурулеб мехалъ квегIаб квералъ чуризе суннатаб буго. ХIатIазде лъим тIезе суннатаб буго цебесеб рахъалдасан байбихьун. ЦIарагIалда жанисан квералъ лъим босулеб батани, гьеб цIарагI лъола кваранаб рахъалда. Парччиялъ чурулеб батани, гьеб лъола квегIаб рахъалда. Гьал нилъеца рехсаралщинал жал руго суннатал жал, гьаруни - берцинлъиги букIунеб, кириги цIикIкIун щолеб.

### Какилъ парз ва суннат батIа бахъизе лъаларев чиясул как рикIкIунищ?

Чиясул игIтикъад батани яги ракIалде ккани какилъ ругел парзал суннатал ругин, гьев чиясул как бихула. ЦIаларав гурев чияс игIтикъад гьабуни какил суннатал жал парз бугин, как бихуларо. Гьединго бихуларо гьесда какилъ парз ва суннат лъалеб бугони ва гьезда гьоркьоб батIалъи гьабизе лъалебги гьечIони, къасдги гьабичIони парз суннат бугилан. ЦIаличIев чияс игIтикъад гьабуни кинабго как парз бугилан, гьеб мехалъги бихуларо. Амма бусурбанчиясда тIадаб буго жив хIажалъулеб гIелму лъазабизе, ай как, закат ва гьелда релълъарал. Гьединлъидал бусурбанчияс хIаракат бахъизе ккола какил парзал, суннатал ва тIаде цIикIкIарал жал лъазаризе, гьел ратIа рахъизеги.

### Какилъ дагьалъ лъалхъизе суннатал бакIал чан ругел?

Какилъ дагьалъ лъалхъизе суннатал бакIал ункъо руго:

1) Как бухьиналъул такбиралда хадуб.

2) АлхIамалъул ахиралда ва «Амин» абиялда гьоркьоб.

3) Аминалда ва сура цIалиялда гьоркьоб. Гьениб тIатун АлхIам цIалулеб бакIалда имам вуцIцIун чIезе суннатаб буго нахъ вугев чияс АлхIам цIалулебгIан заманалъ.

4) РукугIалде иналда цеве дагьалъ лъалхъи. Заркашияс гьединал бакIал щуголъун рикIкIана.

Гьес гьаб ункъоялде тIаде жубана дугIаул ифтитахIалда (как бухьун хадуб цIалулеб дугIа, важжагьту гIадаб) ва АлхIам цIалиялда гьоркьоб лъалхъи.

*«Ассалам» газеталдаса босараб.*

# Рихьдае гIамал гьаби

**Жакъа гIадамазда гьорлъ бищунго машгьурал рекIел унтабазул цояб ккола рияъ гьаби. Рияъ абураб рагIул магIна ккола гIадамазул рекIелъе нух бати, лъикIал гIамалал гьезда рихьизариялдалъун. Гьелдалъун гьесул мурадги букIуна гIадамазул мацIаз лъикIалдалъун живго рехсей, дунялалъул бутIа щвей ва тIадегIанлъи бокьи. Рияъ цохIо гIибадаталълъ гуребги, гьеб букIуна инсанасул ретIакъаялълъ, вагIза-хабаралълъ, сипат-сураталълъ, бицунеб рагIиялълъ ва гьабулеб гIамалалълъ.**




Кинабниги гIамал, инсанас берцин гьабизе кIвар кьураб, жинда аскIор гIадамал рукIиналдалъун, гьелълъ рияъ буго. Щайгурелъул, гьесул гIамал ихласалда Аллагьасе гIоло букIарабани, гьес батIалъи гьабизе букIинчIо аскIор гIадамал ругеб мехалъги, живго батIа вугеб мехалъги. Рихьдае гIамал гьаби хIарамаб буго, гьеб гьабулев чиги Аллагьасда, аскIов жинда цчим бахъаравлъун вукIуна, гьелъие нугIлъи гьабулеб бугеб гIадин хадур рехсарал аятаз ва хIадисаз.

ТIадегIанав Аллагьас, Къуръаналда абулеб буго: «КIудияб балагь буго жидеца гьафлаталда, тIаса-масаго как балел гIадамазе ва жидеца рихьдае гIамал гьабулезеги», - ян. Цогидаб аяталда буго: «Щив чи вугониги Аллагьгун дандчIвараб къоялъ кири щвезе бокьун, гьесда ихласалда Аллагьасе гIоло гIамал гьабейин абе, цогидав чи гIамалалълъ гIахьал гьавичIого», - ян.

Жинда свалат-салам лъеяв аварагас хIадисалда абулеб буго: «Къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьасул, рахъалдасан ахIула: «Кир ругел гIадамазда бихизе гIоло жидеца гIамал гьабурал ва бацIцIадго Аллагьасе гIоло гIамал гьабурал, рахъа тIаде нужерго гIамалгун, гIамалазухъ ажруги босе нужеца гIамал жиндие гIоло гьабурасухъа», - ян.

Цогидаб хIадисалда абулеб буго: «Дун бищунго нужеда хIинкъулеб жо гьитIинаб ширк буго», - ян. Цинги асхIабзабаз абуна: «Я Бичасул авараг, щиб жо кколеб гьеб гьитIинаб ширк?» - ан. Аварагас жаваб гьабуна: «ГIадамазда бихьизе гIоло гIамал гьаби буго», - ян. Къиямасеб къоялъ лагьзадерие жидерго гIамалазухъ жазаъ гьабулеб мехалъ Аллагьас абула: «Нуж а дунялалда нужеца жидее гIоло гIамал гьабулеб букIаразде аскIоре, халгьабе батулищ гьезда аскIоб гьеб гIамалалъул кири», - ян.

Ибну Зугьайрица жинда свалат-салам лъеяв аварагасда гьикъана: «Я Аллагьасул расул! Дица лъикIал гIамалал гьарула Аллагьасе гIоло, кинниги дун гьеб гIамал гьабулев цонигиясда вихьараб мехалъ вохула, дие гьеб бокьизеги бокьула», - ян. Аварагас гьесда абуна: «Аллагьас къабул гьабуларо гIамал, гьев разилъи гуреб батIияб мурад жинда гьорлъ бугеб», - ан. Абу НагIимица бицараб хIадисалда буго: «ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабуларо мискъалу зарраялъул къадаралъ жиндилъ рияъ бугеб гIамал», - ан.

Свалат-салам лъеяв аварагас абулеб буго: «Къиямасеб къоялъ гIаршалъул рагIадалда гьоркь вукIуна гьединав лагъ, жинца кваранаб квералъ садакъа кьурав, квегIаб кверaлдагицин лъазе течIого», - ян. ГьедигIанги бальго, рияалдаса цIунун. Гьелъие гIоло буго Байгьакъияс бицараб хIадисалда абулеб: «ГIадамаздаса бальго гьабураб гIамал, гьезда бихьун гьабуралдаса лъабкъоялда анцIго нухалъ хирияб буго», - ян. ГIадамазда бихьизе гIоло гIамал гьабулев чиясул мисал буго, жиндирго чунтбиги ганчIил цIун базаралде вахъарасул. Гьесул чунтби рихьидал гIадамаз абула: «Гьасухъ бугеб гIарцул гIемерлъи щиб», - ан. Амма базаралдаса жо босизе бокьидал, гьесие щибго жо щоларо.

Гьединго рияъалъе гIоло гIамал гьабулев чиясе гIадамазул кIалъай гурони щибго пайда букIунаро, къиямасеб къоялъ БетIергьанас гьев кинабниги гIаламалда цеве къватIив чIвазеги гьавула. Жинда свалат-салам лъеяв ГIиса авараг вукIана абулевлъун: «Нужер цонигияс кIал ккун бугеб мехалъ бетIералдаги, мегежалдаги нах бахе ва гьеб кIутIбузда лъулъай гIадамазда лъачIого букIине гьес кIал ккун букIин. Кваранаб квералъ садакъа кьолеб мехалъ квегIалда лъазе течIого кье, как балеб мехалъ нуцIида пардав бигье», - ян.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали-асхIабас абуна: «Рияъ чиясе ункъго гIаламат буго; живго вугев мехалъ гьев гIибадаталъе кIвахIаллъула, гIадамал ругел бакIалда тирха-кIирчиялда вукIуна, живго вецарав мехалъ гьес гIамал гIемер гьабула, какун гIайиб чIвараб мехалъ гIамал дагь гьабула», - ян. ГIумарасхIабасда вихьарав мехалъ габурги гIодобе далун унев цо пуланав чи, гьесда ГIумар-асхIабас абуна: «Ле, гарбил бетIергьан! Габурги эхеде босун хьваде, Аллагьасе хIели гарбида букIунаро, рекIелъ букIуна», - ян.

Гьединго Абу Умамат Багьилиясда вихьана мажгиталъув суждаялдаги чIун гIодулев чи. Цинги гьес абуна: «Дуца гьеб Аллагьасе хIели рокьоб гьабулеб букIарабани лъикIаб букIинаан», - абун. Жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабаз ва табигIуназ абулаан: «ХIакъикъияб ихлас буго жиндирго лъикIал гIамалал рахчи, квешал гIамалал рахчулел гIадин», - абун. Абу ХIамид абурав салафу-салихIиназул цояс абуна: «ТIадегIанав Аллагьасе цо чи гьалаг гьавизе бокьараб мехалъ, БетIергьанас гьесие лъабго жоялдалъун гIакъуба гьабула», - ян. 1. ТIадегIанав Аллагьас гьесие гIелму кьола, амма гIелмуялда рекъараб гIамалал гьабиялдаса гьев нахъчIвала. 2. ЛъикIал гIадамазулгун гьудуллъи гьесие ризкъилъун кьола, гьезул хIакъикъат лъан, адаб цIуниялдаса гьев махIрум гьавула. 3. Гьесие Аллагьас гIибадаттIагIаталъул нуцIби рагьула, ихласалда гIамал гьабиялдаса гьевги машгъул гьавула.

Инсанас гьабулеб гIибадаталълъ лъабго даража буго. Гьезул бищун гIодобегIанаб даража ккола дунялалда живго талихI бугев вукIине, тIаде рачIунел балагьал нахъчIваялъе сабаблъун букIине абун гIибадат гьаби. КIиабилеб даража буго жужахIалдаса хIинкъун, алжаналде хьул лъун гIибадат гьаби. Лъабабилеб даража буго батIияб мурад гьечIого гIицIго Аллагь разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьаби. Гьеб буго Аллагьас кири кьеялдалъун къотIи гьабураб, рияъ-сумгIаталдаса цIунун лагьас гIибадат гьабулеб даража.

**Исрафил-хIажи МУХIУМАЕВ.**

Редактор:
Раджабов Расул Абакарович
Газета гIуцIарал:
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ
Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

Адрес редакции:
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 , 31.08.2018
Заказ ____________